# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–08 अगस्त 2024** **भोजपुरी समाचार**

रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह आजु ओलंपिक में दुइ गो पदक जीते वाला भारतीय निशानेबाज मनु भाकर से मुलाकात कइलें । सोशल मीडिया पोस्ट में श्री सिंह कहलें कि मनु भाकर पेरिस ओलंपिक में देश खातिर दुई कांस्य पदक जीत के इतिहास रचलें हई। उहां के कहलीं कि हर भारतीय ओनके अविश्वसनीय प्रदर्शन से उत्साहित हौ।

**********

वक्फ–संशोधन विधेयक, दुई हजार चौबीस के आजु लोकसभा में पेश कइल गइल। जहवां बहस के बादि येह से सरकारे के ओरि से संयुक्त संसदीय समीति जेपीसी में भेजले क प्रस्ताव कइल गइल। स्पीकर ये संबंध में कहले कि ऊ जलदिये एकरे खातिर कमेटी बनइहें। येह से पहिले आजु भिन्नही अल्प संख्यक मामिला क मंत्री किरेन रिजिजू वक्फ संशोधन अधिनियम, उन्नीस सौ पंचानबे में संशोधन करे बदे निचला सदन में विधेयक पेश कइले। विधेयक क उद्देश्य राज्य वक्फ बोर्डन क सक्ति आर कामकाज के साथे–साथे वक्फ संपत्तियन क पंजीकरण अउर सर्वेक्षण से जुड़ल मुद्दन का समाधान कइल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु कहलें कि पछिला दस बरिस में प्रदेस में स्वास्थ्य सुविधा के क्षेत्र में बड़हन परिवर्तन भइल हवे। अउर सरकार येह क्षेत्र में कई गो योजना क लाभ लोगिन ले पहुंचावे क कोसिस कइ रहल हवे। राजधानी लखनऊ में तीन सौ बेड वाला सुपर स्पेशिएलिटी अस्पताल का लोकापर्ण करत मुख्यमंत्री कहले कि इंवेस्टर्स समिट के जरिया से ये अस्पताल के बनावे के समझौता पर हस्ताक्षर कइल गइल रहे अउर अब ई समझौता धरातल पर उतरल हौ। उहां के कहलीं कि निवेस बदे सरकार क कोसिस बढ़ियां कानून व्यवस्था के नाते अब रंग ले आ रहल हवे अउर ढेरि संख्या में निवेशक प्रदेस में निवेस कइ रहल हवे।

**********

उत्तर प्रदेस पूरा देस में सबसे जियादा पांच करोड़ से बेसी आयुष्मान कार्ड बनवले हवे अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के पहल पर प्रदेस के बड़हन प्राइबेट अस्पताल जइसे अपोलो, मेदान्ता अउर रिजेंसियो में आयुष्मान कार्डधारकन क इलाज हो रहल हवे। प्रदेस क मुख्य सचिव चिकित्सा स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण पार्थ सारथी सिंह शर्मा बतवलें कि प्रदेस में पांच करोड़ इग्यारह लाख बहत्तर हजार छौ सौ सैंतालीस आयुष्मान कार्डधारक येह समय मौजूद हवें, जिनकर सत्ताइस सौ से जियादे प्राइबेट अस्पतालन के सथहीं पांच हजार छौ सौ से बेसी अस्पतालन में इलाज मिलि रहल हवे।

**********

स्वतंत्रता दिवस के मौका पर प्रदेश में हर घर तिरंगा अभियान के तहत येह बरिस चारि करोड़ तीस लाख से बेसी घरन अउर प्रतिष्ठनन में तिरगा फहरवले क लक्ष्य रखल गइल हौ। पिछला बरिस ऐह अभियान में देस में सबसे बेसी झंडा उत्तर प्रदेस में फहरावल गइल रहे अउर नागरिकन की ओरि से सबसे बड़हन संख्य में सेल्फियों अपलोड कइल गइल रहे। इहो बरिस हर घर तिरंगा अभियान में कई गो संस्था अउर संगठन के सहजोग से झंडा बांटल जाई। अउर नागरिकन के तिरंगा के साथे सेल्फी लेवे खातिर प्रोत्साहित कइल जाई।

**********

अयोध्या दुष्कर्म मामिला में पुलिस आरोपियन क डीएनए टेस्ट कराई। अयोध्या जेल में बंन्न दुन्नो आरोपियन मोईद खान अउर राजू क डीएनए टेस्ट करावल जाइ। येह से पहिले मंगर के पीड़िता के परिवार वालन क सहमति अउर डाक्टरन के सलाहि पर लखनऊ स्थित मेडिकल कॉलेज में पीडिता क गर्भपात करावल गइल रहे। अउर भ्रूण क डीएनए सेंपल लिहल गइल रहे। दुन्नों आरोपियन का डीएनए टेस्ट करा के कोर्ट में सबूत के तौर पर पेश कइल जाइ।

**********

प्रदेश क परिवहन मंत्री अउर देउरिया जिला क प्रभारी दयाशंकर सिंह आजु जिला के मेहरौना स्थित राजकीय आश्रम प्रद्धति विद्यालय में खराब खाना क चलत बीमार भइल छात्र लोगिन से मुलाकात कइलें । परिवहन मंत्री जिलाधिकारी दिव्या मित्तल के साथे महर्षि देवरहा बाबा मेडिकल कॉलेज पहुंचि के छात्र लोगिन का हालचाल पूछलें अउर छात्रन के हर संभव मदद क भरोसा दियउले। येह घटना में खराब अउर बासी खाना खइले के नाते करीब साठ छात्रन क तबियत खराब हो गइल रहे। जबकि एगो छात्र क मउति हो गइल रहे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ नाग पंचमी तिउहार के मौका पर प्रदेस वासियन के बधाई दिहले हवें। प्रदेस भर में बिहने नागपंचमी क तिउहार मनावल जाईं मुख्यमंत्री अपने सनेसा में कहलें कि नाग पंचमी क तिउहार प्रकृति के साथे जुड़ाव क प्रतीक हौ। प्रदेश भर में सावन के पवित्र महिन्ना में कई गो सिवालयन में कांवड़ियन की ओरि से जलाभिषेक क सिलसिला जारी हौ। ओहीं दुसरे ओरि अजोध्या में सावन महिन्ना क मसहूर मणिपर्वत मेला कड़ेर सुरक्षा के बिच्चे सुरू हो गइल हौ। ढेरी संख्या में दूर दूर से आ रहल श्रद्धालु मणि भगवान क दरसन कई के पूजा अर्चना कई रहल हवे। येहि के साथे अजोध्या के सज्जों मंदिरन में भगवान क झूलनोत्सव सुरू हो गइल हौ ई मेला आवे वाला पखवारा ले चली।

**********